NYIC

NEW YORK STATE | Department of State Office for New Americans

## 🚨 AM NGA YELLEEF, AK CI STATUSS

- ✅ Yelleefu noppi Yelleefu bañ ñu
- ✅ palpé la
- ✅ Yelleefu waxtaan ak awokaa balaa ngay siñe dara Yelleefu laaj
- ✅ ndax moom nga dem
- ✅ Yelleefu enregistre ay jaxasoo ak mbooloo
- ✅ Yelleefu baña tontu: "Ndax doomu Etats Unis nga?"
- ✅ Yelleefu wax ni danga ragal dellusi ci sa réew mi nga  cosaanoo

## KËYIT YI: LI NGA WARA YÓB AK LI WÀR MOYTU YÓB

✔

- Kopi këyitu immigraasioŋ (lu melni, kàrt bu wert, sañ-sañu liggéey, visa) waaye bul r leen jox sa bopp!
- Etats Unis permi dawal bi nga joxe wala ID biñ joxe ci Etats Unis te du ci boole sa réew mi nga juddoo wala sa immigration, su amee (lu melni ID NYC, ID ndongo)
- Xam say yelleef kàrt
- Firndeel ni def nga lu ëpp ñaari at ci réew mi (soo amee firnde ni def nga lu ëpp ñaari at ci réew mi, loolu mën nala tere ñu dàq la ci saasi te doo déglu àttekaay bi.)

❌

- Dokument yu baaxul wala ID
- Bépp këyit buy wax ni doomu Etats Unis nga sudee doo
- Kéyitu dàntite yu bawoo ci sa réew mi nga  cosaanoo

💡***Denc original yi ci say këyit yu am solo yi (A#, passport) ci barab bu wóor. Buleen yóbaale ci sa yaram.***

📱***Moytul jox sa telefon takk der yi. Fexeel ba sa telefon am baatu-jàll te jëfandikoowul xàmmee kanam wala emprent baraam ngir tijji.***



NYIC

NEW YORK STATE | Department of State Office for New Americans

# 👮‍♂️TYPES CI KAARAANGE DOOLE

## DUWAAN AK FRONCEER AAR (CBP)

Tenu yu wert.
Saytu dugg ci aéroport yu Etats Unis, portu geej yi, ak ci diggante 100 mile ak suuf si fronceer yi.




## ICE


Tenu yu Baxa/yu Ñuul.
Dañuy faral di bind ICE, HSI wala DHS ci ginaaw.
Dafay wër ba noppi déporté nit ñi nekk ci Etats Unis te amu nu seen këyit war.
Ndawi ICE yi leegi dañuy faral di leen gis ñu sol ay yéere siwil.




## TAKK DER

Polis nekkul wareef ci wàllu immigration, wareef la ci kaaraange askan wi ak saafara krim yi. Li aju ci barab bi, poliis mën na wala ñàkka liggéeyandoo ak ICE ak CBP.




# 🧑⚖️ MANDAA BAWOO CI YOON

Mandaa bawoo ci yoonl mooy ab ndogalu ëttu àttekaay bu mëna may ICE mu dugg seeti barab yoo xam ne faralu nu dileen may ñu dugg te kenn mayu leen ndigal, lu melni, kër gu suturawu, barab bu suturawu ci liggéey, wala ab jangu. Attekat bi moo wara siñe mandaa bi bawoo ci yoon bi! Yenn saa yi, ICE dafay joxe këyit bu ñuy woowe mandaa jàpp ab doxandéem, muy këyit ICE te àttekat bi siñe WU ko. Waroo leen bayyi ñu dugg ci sa kër ak këyit boobu kese. Sudee ICE amul ndigalu àttekaay, mënu ñu dugg ci barab yu suturul yi.

# XEETI BARAB YI

## 🏙️ PUBLIK

- **Mbedd yi**
- **Park yi**
- **Trotuwaar yi**

✅ ICE mën na nekk foofu te amul ndigal.

✅ ICE mën na jege nit ñi laaj leen ay laaj.

Waaye ba leegi am nga yelleef! Waruloo tontu wala nga wane sa ID (amaa yaa ngi dawal).

## 🏡 SUTURLU

- **Sa kër**
- **Apartmaa bu tëju**
- **Biro bu suturlu**

❌ ICE mënul dugg te amul benn mandaa bu àttekat bi siñe wala ndigalu bu bawoo ci aji dëkk bi.

❌ Mën nga baña ubbi bi buntu fileek wane wuñu ni xeetu mandaa.

## ⛪ MIXED

- **Koridor yi ci apartmaa yi**
- **Tabax daara yi, Jàngu yi**
- **Barab yi ñuy liggéeyee**

✅ ICE mën na nekk ci pàcci yi barab yu ubbeeku ci ñépp.

❌ ICE dafa wara am mandaa bu àttekat bi siñe , wala ndigalu patroŋ/ boroom, ngir dugg ci barab yi ñépp bokkul ci barab yooyu.

*This resource was last updated on April 13, 2025. It provides general information to help you understand your rights, but it is not legal advice. Every situation is different; please consult with an attorney or trusted legal services provider if you need help with your specific case.*

NYIC

NEW YORK STATE | Department of State Office for New Americans

## 👮‍♂️ JOKKOO AK ICE

Fàttali: Yoon may na ICE mu fenn la wala mu réerloo la.
Mën nañu wax lu melni:
"Danuy saytu rek."
"Danu amal lànket ci krim, danu wara waxtaan ak yaw."
"Dañu la sant nga ubbi buntu bi."

- ✅ Fatteliku sa yelleef te noppi.
- ✅ Mën nga leen sàkku ñu joxe këyit yi war saa yu nekk.
- ✅ Am nga sañ-sañu bind ofisiye yiy tënk yoon.
- ✅ Sudee dañu la jàpp te danga ragal dellusi ci sa réew, nga wax bu leer ni danga ragal loolu mën nala tere ñu dàq la ci sa réew te kenn du la déglu ci àttekaay, doonte nekkoo nga ci Etats Unis lu weesuwul 2 at.

## 🏡 CI KËR

- ✅ Bul ubbi buntu bi. Laaj mandaa bu bawoo ci yoon (bu àttekat bi siñe) ñu dugal ko ci suufu buntu bi wala ñu wane ko te doo ubbi buntu bi.
- ✅ Bul jox sañ-sañu dugg wala seet.
- ✅ Sudee ICE dafa dugg te amul ndigalu àttekaay, wax: "Nanguwuma ma sa dugg."

## 💼 CI LIGGÉEYUKAAY

- ✅ ICE mën na dugg ci barab yu ñépp bokk (lu melni, tabax foyer).
- ✅ ICE dafay laaj ndigalu àttekaay bi wala ndigalu liggéeykat bi ngir mëna dugg ci barab bu kenn xamul (lu melni, waañ, buro).

## 🌃 CI MBEDD MI

- ✅ Demal ci dal. Bul daw.
- ✅ Waruoo tontu ay laaj wala nga wane ID.
- ✅ Laaj: "Mën naa dem?" Baamtu laaj bii ba nga am tontu. Sudee tontu bi mooy waaw, demal nga ànd ak dal.
- ✅ Maa nga wax: “Bëgguma tontu say laaj” wala “Nanguwuma ab ma seet.” Fatteliku sa yelleef ci noppi.

## 🚗 TAXAWAL LA CI TALLI

- ✅ Danga wara wane permi dawal, këyit bindu, ak assurance sooy dawal.
- ✅ Passager yi waru ñu joxe ID wala tontu ay laaj.
- ✅ Poliis mën na seet ay ngannaay waaye fàww nga am ndigal wala sabab bu yoon santaane ngir gëna seet.
- ✅ Mën nga baña seet gi te nga wax, "Nanguwu ma."

*This resource was last updated on April 13, 2025. It provides general information to help you understand your rights, but it is not legal advice. Every situation is different; please consult with an attorney or trusted legal services provider if you need help with your specific case.*

NYIC

NEW YORK STATE | Department of State Office for New Americans

## ⚖️ YOONU KRIMINAL AMALIN

✅Daan kriminel mën na indi jafe-jafe ci sa tolluwaayu immigration.
✅Bul musa nangu ni danga def njuumte te amoo layokat bu lay xelal.
✅Sudee dañu la jiiñ krim, waxtaanal ak layokat biy àtte krim bi ak layokat immigration.
❌ Ba ci def ñaawtéef yu ndaw yu melni sàcc ci butig, tëb ci buntu ngir dem ci saxaar te fayoo biye bi wala njumte ci tali bi mën na la yóbbe ba tëj.
❌ Doon te marijuana legal la ci yenn etaa yi, yoon federal bi tere na la, kon mën nga jànkoonte ak jafe-jafe, ba ci tëj la, ndax danga ko yor.

## 💪WAAJALAL SAA SU NEKK

✅ Jàppal ci sa xel sa nimero telefon & sa nimero A#
✅ Denc dokimaa yu am solo
✅ Am palaŋu jafe-jafe/njaboot
✅ Moytul njuuj njaaj: waxtaanal rek ak layokat yi am lijjaassa wala ndawu réew yu DOJ nangu. Noteer wute na ak layokat ci Etats Unis!

## ℹ️ N JËMBAL AK JÀPPALE

- Biro NYS ngir Buumu jokko bu Bees bu Wa Amerig: 1-800-566-7636
- Ngir yëgle njuuj njaaj ci wàllu dugg réew: 1-800-566-7636
- Yëgleel krimu mbañeel: 1-888-392-3644
- Bindal INFONY ci 52886 ngir am ci
- Yeneen leeral: nyic.org/KYR
- Ngir gis ku nekk ci ICE ñu tëj ko:
    - Seetal seetkatu ñiñ jàpp ci ICE: locator.ice.gov
    - Bindal nimero A nit ki (9 araf) ak réew mimu juddoo, wala seen tur wi ak sant, réew mimu juddoo, ak bisu juddoom
    - Sudee nit ki feeñul ci sistem bi, jokkool ak Biro ICE bi la gëna jege wala barab bi ñuy tëye: ice.gov/contact/field-offices

Kàrt bu am ñaari wetu sa yelleef. Mën nga ko wan kilifa gi yor wàllu yoon ngir mu wane sa yelleef doonte mënoo wax Àngle.

*This resource was last updated on April 13, 2025. It provides general information to help you understand your rights, but it is not legal advice. Every situation is different; please consult with an attorney or trusted legal services provider if you need help with your specific case.*